



AVI ANYÈL KONSÈNAN KONSANTMAN POU DIVILGE ENFÒMASYON POU RANBOUSMAN MEDICAID

Depatman Edikasyon kapab resevwa fon anplis pou kèk nan sèvis yo bay elèv tankou pitit ou a, ki gen yon plan edikasyon endividyèl (Individualized Education Plans, IEP). Pou lekòl nou yo kapab resevwa fon sa a, ou te deja siyen yon konsantman pou (1) nou gen aksè nan enfòmasyon ki ka idantifye pitit ou a pèsònèlman nan dosye edikasyon espesyal ki nan dosye edikasyon espesyal li sou evalyasyon edikasyon espesyal, pwogram ak sèvis yo bay pitit ou a epi (2) gen aksè nan benefis asirans Medicaid pitit ou a pou yo ka peye pou sèvis sa yo. Lèt avyèl sa a se pou raple w ke lè w te siyen konsantman sa a, ou te konprann epi ou te dakò pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk kapab gen aksè nan benefis leta oswa nan asirans pitit ou a pou yo ka peye pou sèvis edikasyon espesyal yo bay pitit ou a oswa sèvis yo bay nan non li.

Mèsi pou kolaborasyon w poutèt ou asire lekòl leta nou yo resevwa plis finansman posib pou sipò ki esansyèl nou ofri elèv nou yo.

Ki enfòmasyon n ap bay pwogram Medicaid eta a ak federal konsènan pitit mwen an?

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (*New York City Department of Education, NYC DOE*) ap bay enfòmasyon konsènan evalyasyon edikasyon espesyal ak sèvis yo bay pitit ou a. Enfòmasyon sa yo ka gen IEP a, remak sou pwogrè, dosye prezans, evalyasyon ak lòt dosye ak enfòmasyon sou evalyasyon ak sèvis yo bay pitit ou a.

Èske mwenmenm oswa fanmi m gen pou peye pou sa?

Oumenm ak fanmi w pa gen pou peye anyen. Ou p ap gen okenn obligasyon pou okenn depans, peman anplis, frè oswa kopeman pou sèvis y ap bay yo. Sa p ap gen okenn efè sou sèvis yo bay pitit ou a anndan oswa andeyò lekòl la. Si fanmi w gen Medicaid, yo p ap anile kouvèti Medicaid la, kantite kòb Medicaid etabli pou peye pou dire vi l p ap diminye, ni sa p ap afekte sèvis ke fanmi w ap resevwa nan okenn fason lè nou gen aksè nan avantaj Medicaid yo. Yo p ap oblije w pou enskri oswa anwole pou jwenn Medicaid pou pitit ou ka resevwa sèvis ki nan IEP li a. Ou p ap riske pèdi elijiblite w pou eksepsyon ki pou kay ak òganizasyon kominote, si genyen, ki baze sou depans total ki gen rapò avèk sante w.

Èske mwen ka chanje ide m sou pèmasyon mwen bay NYCDOE pou gen aksè nan enfòmasyon pitit mwen epi voye reklamasyon bay pwogram Medicaid epi anile konsantman m lan?

Wi - ou ka chanje ide w sou konsantman sa a nan nenpòt moman. Pou chanje desizyon w, kontakte lekòl pitit ou a epi mande pou ranpli yon nouvo fòm konsantman pou Medicaid. NYCDOE dwe toujou bay pitit ou a sèvis edikasyon espesyal gratis menmsi ou anile konsantman an nan yon dat apre.